



OFFICE FOR CIVIL RIGHTS

DEKOUVRI LWA FEDERAL KI PWOTEJE KONT DISKRIMINASYON DAPRE LAJ LAN

Kisa ki Lwa kont Diskriminasyon dapre Laj lan?

Lwa 1975 lan kont Diskriminasyon dapre Laj lan se yon lwa nasyonal ki entèdi diskriminasyon sou baz laj nan pwogram oswa aktivite k ap resevwa asistans finansye federal yo. Lwa kont Diskriminasyon dapre Laj lan aplike ak moun tout laj. Nan kad Lwa sou Laj lan, benefisyè asistans finansye federal yo pa ka mete deyò, refize oswa limite sèvis ak, oswa sinon fè diskriminasyon kont, moun sou baz laj.

Lwa sou Laj lan pa kouvri diskriminasyon nan bay travay, ki li menm jwenn ranfòsman nan men Komisyon Opòtinite Egalego nan Travay lan (Equal Employment Opportunity Commission, EEOC).

Biwo pou Dwa Sivil (OCR) Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ozetazini an (HHS), asire l antite ki resevwa asistans finansye federal yo konfòme yo ak lwa sa a.

Lwa kont Diskriminasyon dapre Laj lan gen ladan l kèk ekspesyon ki pèmèt, dapre sikonstans ki limite, itilizasyon distenksyon suivan laj oswa lòt faktè ki pa laj. Pa egzanp, Lwa kont Diskriminasyon dapre Laj lan pa aplike ak yon distenksyon dapre laj ki nan yon estati oswa òdonans Lokal, Eta a oswa Federal yon kò lejislatif ki gen yon objektif jeneral yo vote ki: founi nenpòt avantaj oswa asistans bay moun sou baz laj; etabli kritè pou patisipasyon an tèm ki lye ak laj; oswa dekri benefisyè yo anvizaje yo oswa gwoup sib nan tèm ki lye ak laj.

Office for Civil Rights

U.S. Department of Health
and Human Services

200 Independence Avenue, SW.
200 Independence Avenue, SW.

Washington, D.C. 20201

TELEFÒN

1-800-368-1019

IMÈL

ocrmail@hhs.gov

TDD

1-800-537-7697

www.hhs.gov/ocr

Kijan pou depoze yon plent pou diskriminasyon ak Biwo pou Dwa Sivil lan (OCR)

Si ou kwè ou oswa yon lòt moun te sibi diskriminasyon akòz laj nan men yon antite k ap resevwa asistans finansye nan men HHS, ou oswa reprezantan jiridik ou an gendwa depoze yon plent ak OCR. Plent yo dwe depoze nan espas 180 jou apati dat ou sipoze diskriminasyon an te fèt lan.

Ou gendwa voye yon plent ekri oswa ou gendwa ranpli epi voye Fòmilè Plent OCR lan ki disponib sou paj wèb nou an nan www.hhs.gov/ocr. Fòmilè plent lan disponib tou sou paj wèb nou an nan yon kantite lòt lang anba Enfòmasyon sou Dwa Sivil yo nan seksyon Lòt Lang yo.

Enfòmasyon ki suiv yo la dwe gen ladan yo:

- Non, adrès ak nimewo telefòn ou.
- Ou dwe siyen non ou sou tout sa ou ekri. Si ou depoze yon plent nan non yon moun — pa egzanp: mari/madanm, zanmi, kliyan, elatriye — mete non, adrès, nimewo telefòn ak delarasyon relasyon ou ak moun sa a.
- Non ak adrès enstitisyon oswa ajans ou kwè ki diskrimine an.
- Kilè, kijan e poukisa ou kwè diskriminasyon an te rie.
- Nenpòt lòt enfòmasyon ki enpòtan.

Si ou voye plent lan nan lapòs, asire ou pou voye l nan atansyon manadjè rejyonal biwo rejyonal OCR ki apwopriye an. OCR gen dis biwo rejyonal e chak biwo rejyonal kouvri eta ki espesifik. Plent yo gendwa voye nan lapòs tou nan Katye Jeneral OCR lan nan adrès ki suiv lan la:

Office for Civil Rights
U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW.
H.H.H. Building, Room 509-F
Washington, D.C. 20201

Pou aprann plis:

Vizite nou sou entènèt nan www.hhs.gov/ocr

Rele nou gratis nan 1-800-368-1019

Ekri nou imèl: ocrmail@hhs.gov

TDD: 1-800-537-7697

Gen asistans lengwistik pou zafè OCR ki disponib e yo bay yo gratis. Sèvis OCR yo aksesib ak moun ki gen andikap.

www.hhs.gov/ocr